

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Carita pantun kaasup kana karya sastra sampakan. Karya sastra nu dianggap asli, ayana carita pantun teu kapangaruhan ku karya sastra séjén (Ruhaliah, 2002: 18). Nurutkeun Ajip Rosidi (2009a: 31) carita pantun téh carita anu dihaleuangkeun atawa didéklamasikeun ku juru pantun dina pagelaran ritual anu disebut mantun. Anu jadi jejer dina pantun téh juru pantun jeung kacapi pantun (pamirig).

Dumasar kana médiana, nurutkeun Iskandarwassid (2003: 102) carita pantun téh kagolong kana carita lisan, turun-tumurun, jeung sumebarna tatalépa. Nu ngalantarankeun wangun lisan mah babari robah, babari leungit jeung versi carita nu béda. Dina cara nyebarkeunana, juru pantun nyaritakeun langsung lalakon pantun ka muridna (teu ngagunakeun média tinulis) tur pikeun ngapalkeunana ogé saukur ngandelkeun ingetan. Matak teu héran lamun aya rupa-rupa vérsi dina hiji judul carita pantun.

Keterangan nu pangkahotna ngeunaan carita pantun aya dina naskah Sanghyang Siksa Kandang Karesian anu nyabit-nyabit carita pantun. Sok sanajan naskah Sanghyang Siksa Kandang Karesian lain naskah sastra, tapi penting pisan pikeun nyusun tatapakan sajarah sastra. Éta naskah téh titimangsana 1440 Saka atawa 1518 maséhi. Dina éta téks, aya katerangan yén:

*... hayang nyaho di pantun ma: Langgalarang, banyakcatra, Silihwangi,
Haturwangi: prepantun Tanya...*

dumasar kalimah di luhur, carita pantun gumelar saméméh taun 1518 Maséhi. Dina éta naskah disebutkeun opat lalakon-lalakon pantun, nya éta Langgalarang, Banyakcatra, Silihwangi, jeung Haturwangi.

Carita pantun téh mangrupa gambaran tina budaya urang Sunda. Ku lantaran kitu, lamun hayang apal kana kaayaan mangsa bihari salasahijina bisa dipaluruh dina carita pantun. Éta katerangan luyu jeung sawangan Jakob Sumardjo (2009: 58) nu nétélakeun yén:

“tidak ada pantun di kebudayaan-kebudayaan lain di Indonesia ini. Ibaratnya pantun adalah cermin budaya Sunda di masa lalunya. Pantun adalah model yang digali dari khazanah budaya masarakatnya.”

Dina sawangan di luhur katitén pisan yén carita pantun mangrupa hasil kréativitas urang Sunda jaman baheula nu jadi ciri gambaran masarakat sunda jaman baheula.

Nilik kana galur caritana, lalakon-lalakon pantun téh nembongkeun épisode-épisodeu anu maneuh, lian ti éta, bagian-bagian deskripsina gé geus matok. Lalakon-lalakon carita pantun ilaharna nyaritakeun raja-raja atawa pencaran Pajajaran. Nurutkeun Ajip Rosidi (2009b: 43) réréana carita pantun nyaritakeun ménak Pajajaran nu lunta ngalalana. Upamana lalakon Panggung Karaton, Demung Kalagan, Mundinglaya Di Kusumah jeung lian-lianna.

Carita pantun Mundinglaya Di Kusumah jadi salasahiji lakon pantun nu dipikawanoh ku sakabéh juru pantun. Ku lantaran kitu, carita pantun nu dipublikasikeun ku C.M. Pleyte taun 1907 loba diréka kana wangun *genre* séjén, di antarana kana: (1) Narjamahan kana basa Indonésia tina téks C.M Pleyte. Ku Aoh K. Hadimadja taun 1944, (2) Gending Karesmén ku M.A. Salmoen Taun 1955, (3) Roman basa Indonésia ku Ajip Rosidi. (Bandung 1961, citak ulang Jakarta 1968, citakan ka tilu Bandung, 2007), (4) Gending karesmén ku Wahyu Wibisana nu judulna Mundinglaya Saba Langit, dipentaskeun di Bandung taun 1962, (5) Gending Karesmén ku R.T.A. Sunarya, (6) Roman dina basa Indonésia ku Saini K.M. nu judulna *Pangeran Sunten Djaya*. taun 1970, Dimuat jadi *feuilleton* dina *Indonésia express*, (7) *Wawacan* M.A. Salmoen taun 1938, tuluy ditarjamahkeun ka basa Indonésia ku Rustam Sutiasumarga taun 1986, (8) Roman nu ditulis dina tilu basa ku Rosmat Tasdik Al-Garuti judulna *Pasini Jangji di Muaraberes*. taun, 2004, (9) Cerita Gambar dina basa Indonésia ku Tommy Widjaya. Dumasar kana pedaran di luhur, katitén pisan yén carita pantun Mundinglaya Di Kusumah jadi salasahiji carita pantun anu réa diréka kana wangun *genre* sastra séjén.

Nurutkeun Ajip Rosidi (2009b: 43) carita pantun Mundinglaya Di Kusumah ngagambarkeun ajén-ajén nu aya patalina jeung ajaran moral (etika). Éta ajén-ajén aya dina rupa-rupa aspék kahirupan upamana waé ajén agama, norma-norma, sosial-budaya, pulitik, ékonomi jeung filsafat. Dina aspék penokohanana. palaku cara umumna dina sastra buhun,

sanajan masih ngagambarkeun karakter manusa nu tacan sampurna tapi karakterna rineka warna. Misalna, tokoh Mundinglaya nu tumut ka ibu ramana, aya ogé tokoh jalma cunihin, pikasebeleun, sabar, jail, iri, dengki, jeung wanian. Lalakon Mundinglaya sacara umum ngagambarkeun realita masarakatna tur watek-watek tokoh dina lumangsungna komunikasi salaku mahluk sosial.

Dewey (Budiningsih, 2004: 24) nétélakeun yén moral nya éta hal-hal nu aya patalina jeung ajén-ajén susila atawa hal-hal nu aya patalina jeung hal nu dipahing sarta paripolah anu medar salah jeung bener. Moral teu leupas tina hadé goréngna paripolah manusa, sikep moral atawa moralitas bisa dihartikeun sikep ati nurani nu dikedalkeun ngaliwatan paripolah lahiriah. Moralitas bakal kajadian upama jalma milampah sikep nu hadé kalayan kasadaran jeung tanggung jawabna. Patalina moral jeung étika, nurutkeun Poerwadaminta, moral nya éta atikan ngeunaan hadé-goréngna paripolah, sedengkeun etika nya éta élmu pangaweruh ngeunaan moral. Nurgiantoro (2010: 320-321) nétélakeun yén:

Secara umum moral mengarah pada pengertian (ajaran tentang) baik buruk yang diterima umum mengenai perbuatan, sikap, kewajiban, akhlak, budi pekerti, dan susila. Istilah “bermoral”, misalnya : tokoh bermoral tinggi, berarti memiliki pertimbangan baik dan buruk. Namun, tidak jarang pengertian baik dan buruk itu sendiri dalam hal-hal tertentu bersifat relatif. Artinya sesuatu hal yang dipandang baik oleh orang yang satu atau bangsa pada umumnya belum tentu sama bagi orang lain atau bangsa lain. Pandangan seseorang tentang moral, nilai-nilai dan kecenderungan-kecenderungan biasanya dipengaruhi oleh pandangan hidup, way of life bangsanya.

Dina sawangan di luhur, katitén pisan yén moral mangrupa bagéan tina étika nu medar kana atikan ngeunaan hadé goréngna kalakuan manusa salaku anggota masarakat. Ditilik tina aspék bebeneran manusa, moral mangrupa sawangan hirup ngeunaan paripolah manusa nu bisa ditarima ku masarakat salaku mahluk sosial. Ilaharna ajén-ajén sosial tumuwuh dumasar kana falasifah hirup masarakatna (*way of life*).

Ajén sosial mangrupa bagéan tina élmu sosial dina lingkup struktur sosial nu medar ngeunaan hubungan antara individu ka individu atawa kelompok ka individu nu aya di kelompok masarakat nepi ka jadi hiji sistem masarakat nu ngawengku sistem pengelompokan dumasar kana umur, jenis kelamin, harta, jeung hubungan kakulawargaan.

Nurutkeun Swingewood (Faruq, 2012: 1) élmu sosial atawa sosiologi téh mangrupa ulikan anu ilmiah tur objéktif ngeunaan individu jeung masarakat, lembaga-lembaga kamasarakatan, jeung prosés-prosés sosial. Patalina masarakat jeung karya sastra, karya sastra mangrupa gambaran kahirupan manusa atawa dokumén fiksi nu ngagambarkeun paripolah jelema dina ngalalakon kahirupan di jero masarakat. Sok sanajan karya sastra mangrupa karya nu ngandung unsur imajinasi tur hasil éksprési, tapi éta karya dipangaruhan ku réalitas nu kaalaman ku pangarang.

Kahirupan masarakat tuluy robah ti mangsa ka mangsa nuturkeun parobahan jaman, parobahan téhnologi komunikasi, sarta parobahan téhnologi informasi. Éta parobahan téh mangaruhan interaksi masarakat kana sipat individual. Kaayaan sosial ékonomi anu robah balukar tina modernisasi nyiptakeun masarakat nu leuwih mentingkeun masalah-masalah individu tibatan hal-hal nu bisa dipigawé babarengan. Pangaruh modérn nu serba taktis tur individual ngabalukarkeun kagiatan-kagiatan sosial pikeun kamasarakatan katingali kaséséred ku kaayaan individual manusa nu ngarasa serba bisa ku sorangan. Padahal upama hiji pagawéan dilakukeun sacara babarengan, aya ajén-ajén moral nu bakal kacangking ku tiap individuna. Misalna dina kagiatan gotong royong. Nurutkeun Koentjaraningrat (Budiningsih, 2004: 82) aya tilu ajén nu bakal kahontal ku individu nalika ngalakukeun gotong royong, saperti (1) sadar yén hirupna gumantung ka masarakat, (2) siap sadia babantu masarakat, jeung (3) *conform*, teu némbongkeun yén manéhana leuwih unggul ti nu séjén. Kagiatan kamasarakatan saperti gotong royong, mangrupa salasahiji aspék kagiatan kamasarakatan nu aya dina carita pantun Mundinglaya Di Kusumah.

Panalungtikan ngeunaan carita pantun Sunda kiwari teu leuwih réa tibatan panalungtikan ngeunaan téks sastra Sunda tinulis saperti naskah (*manuscript: handschrift*) kusabab sastra lisan sunda kiwari geus mimiti leungit ku kamekaran jaman. Nurutkeun Ruhaliah (2002: 21) nu geus ngalakukeun panalungtikan ngeunaan carita pantun di antarana waé F.S Eringa nu nulis desertasina ngeunaan carita pantun *Lutung Kasarung* (1949), K.A Hidding nu nulis desertasina ngeunaan carita pantun *Nyi Pohaci Sanghyang Sri* (1929), Dewi Cahyaningrat nyusun skripsi anu judulna *Deskripsi Unsur Carita Pantun dina Carita Pantun Munding Kawati pikeun Bahan pangajaran Sastra di SPG* (1987),

jeung Kokom K. Nyusun skripsi anu judulna *Analisis Carita Pantun Bujang Pangalasan pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SPG* (1987). Lian ti éta, aya sababaraha panalungtikan nu objékna Carita Pantun Mundinglaya Di Kusumah saperti ti Fakultas Sastra Universitas Padjadjaran nu nulis *Cerita Mundinglaya Di Kusumah. Sebuah Analisis Struktur Cerita Pantun* (1980), *TékNIK Penciptaan Pantun Unsur Formula Struktur Puisi Pantun Mundinglaya Di Kusumah Publikasi Ajip Rosidi, 1970* (1981), *Aspék Filosofis Cerita Pantun Mundinglaya Di Kusumah* taun 1985, Otong R. Kurdiana nulis Skripsina ngeunaan “Tokoh Lengser Sebagai Abdi Raja Pribadi yang Setia dalam Cerita Pantun Mundinglaya Di Kusumah Edisi Ajip Rosidi 1970 (1984)”. Dumasar kana data panalungtikan di luhur, tacan aya nu nalungtik perkara ajén moral Carita Pantun Mundinglaya Di Kusumah. Ku kituna, perlu ditalungtik Ajén Moral dina Carita Pantun Mundinglaya Di Kusumah nu dipantunkeun Ki Atjeng Tamadipura tur kumaha struktur carita pantun Mundinglaya Di Kusumah nu dilarapkeun kana struktural naratif Greimas.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang, objék dina ieu panalungtikan nya éta carita pantun Mundinglaya Di Kusumah. Aya dua masalah utama anu dipedar dina ieu panalungtikan nya éta struktural naratologi Greimas jeung ajén moral. Struktur Greimas anu diulik nyoko kana pola aktansial jeung fungsional. Ajén moral anu dipedar nyoko kana palasipah hirup urang Sunda atawa Sadrasa kamanusaan (6 rasa kamanusaan), nya éta (1) moral manusa ka gustina, (2) moral manusa salaku pribadina, (3) moral manusa ka manusa séjén, (4) moral manusa ka alamna, (5) moral manusa ka waktu, jeung (6) moral manusa dina ngahontal rasa sugema lahir jeung batin. Dumasar kana idéntifikasi masalah éta, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pananya ieu di handap.

- a. Kumaha struktur carita pantun Mundinglaya Di Kusumah nu ngagunakeun struktural naratif Greimas (aktan jeung fungsional)?
- b. Kumaha ajén-ajén moral nu aya dina carita pantun Mundinglaya Di Kusumah?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngaanalisis tur maluruh struktur Greimas jeung ajén moral nu aya dina carita pantun Mundinglaya Di Kusumah. Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadeskripsikeun:

- a. Struktur carita pantun Mundinglaya Di Kusumah nu ngagunakeun struktural naratif Greimas (aktan jeung fungsional);
- b. Ajén-ajén moral nu aya dina carita pantun Mundinglaya Di Kusumah.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan nya éta pikeun:

- a. Bahan tiningbangan pikeun panalungtikan nu sarupa;
- b. Ningkatkeun pangaweruh ngeunaan sastra buhun utamana dina widang carita pantun;
- c. Bisa leuwih ngeuyeuban wawasan, pangalaman, jeung ngeunaan hasil budaya Sunda dina widang moral karya sastra buhun.

1.5 Stuktur organisasi Tesis

Bab I Bubuka

Dina bab I dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, struktur organisasi tésis.

Bab II Tatapakan Tiori

Dina bab II dipedar leuwih jero ngeunaan carita pantun, strukturalisme A.J. Greimas, jeung ajén moral.

Bab III Méhode jeung Téhnik Panalungtikan

Dina bab III dipedar léngkah-léngkah panalungtikan, prak-prakanana panalungtikan jeung cara ngolah data anu dicangking tina hasil panalungtikan. salian ti éta, bab tilu jadi dadasar pikeun nyusun bab IV jeung bab V miboga pakuat pakait anu tangtu.

BAB IV Analisis struktur A.J. Greimas jeung ajén moral

Dina bab IV diébréhkeun sagemblengna tina hasil panalungtikan anu dilakukeun ku panalungtik. Hasil atawa henteuna panalungtikan bisa katingali tina ieu bab IV.

BAB V Kacindekan jeung saran

Bab V mangrupa kacindekan ti sakabéh pedaran nu geus dipedar. Salian ti éta, aya saran anu ditepikeun ku nu nulis ka nu maca, éta saran miboga tujuan pikeun kahadéan ka hareupna.